

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab medar ngeunaan: (1) désain panalungtikan; (2) data jeung sumber data; (3) prosedur panalungtikan; (4) téknik ngumpulkeun data; (5) instrumén panalungtikan; sarta (6) analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa pamarekan kuantitatif kalawan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén anu diébréhkeun ku Sugiyono (2014, kc. 77), yén métode kuasi ékspérimén atawa anu sok disebut ogé ékspérimén separamu téh mangrupa hiji panalungtikan anu téréh sarua jeung ékspérimén asli. Ieu panalungtikan miboga udagan sangkan nguji sacara langsung pangaruh hiji variabel kana variabel séjén, ogé nguji hipotésis sabab-akibatna. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 124), aya tilu rupa métode kuasi ékspérimén, di antarana: (1) *one shot case study*; (2) *one group pre-test and post-test*; jeung (3) *static group comparison*.

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré *pre-test* heula saméméh ngagunakeun modél pangajaran Artikulasi, tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina biantara kalawan ngagunakeun modél Artikulasi, anu satulunya dilaksanakeun *post-test*. Anapon désain panalungtikan *pre-test* jeung *post-test* nurutkeun Arikunto (2013, kc. 124) dina ieu panalungtikan téh saperti di handap.

Tabél 3.1
Désain Panalungtikan

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Kateranganna saperti di handap.

- O₁:** *pre-test* (kamampuh biantara saméméh ngagunakeun modél Artikulasi).
X: *treatment* (pangajaran ngagunakeun modél Artikulasi).
O₂: *post-test* (kamampuh biantara sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi).

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan téh dicangking tina hasil tés kamampuh biantara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi ku cara studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023, atawa bisa ogé disebut kagiatan *pre-test* jeung *post-test*.

3.2.2 Sumber Data

Dina néang sumber datana ngagunakeun tiori Arikunto (2013, kc. 172), anu nétélakeun yén sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun hiji data atawa ti mana data bisa dicangking. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023 anu jumlah siswana aya 36 urang, nyaéta 19 urang awéwé jeung 17 urang siswa lalaki. Lokasi sakolana di Jl. Sarimanis No. 1, Sarijadi, Kecamatan Sukasari, Kota Bandung, Jawa Barat, 40151.

Jumlah siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung bisa ditilik dina tabél 3.2 di handap.

Tabel 3.2
Jumlah Siswa Kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung

Katégori	Jumlah Siswa
Siswa Kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2022/2023	36

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan nétélakeun sababaraha léngkah-léngkah anu dilaksanakeun, di antarana saperti di handap.

- 1) Nangtukeun Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Biantara

Saméméh ieu panalungtikan dilaksanakeun, diayakeun heula wawancara ka guru basa Sunda di SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan di kelas nalika pangajaran biantara, hususna di kelas XI MIPA 5 luyu jeung kurikulum nu dipaké di éta sakola.

- 2) Rumusan Masalah

Léngkah satuluyna sanggeus ngaidéntifikasi masalah nyaéta ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan di kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung ngeunaan kamampuh biantara para siswana téa.

3) Raraga Tiori

Katilu, panalungtik néang jeung nangtukeun tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

4) Ngararancang Alur atawa Ngarumuskeun Hipotésis

Léngkah nu kaopat nyaéta ngararancang alur ku cara ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal (*sementara*) tina panalungtikan anu baris dibuktikeun jawabanna ngaliwatan data anu geus dikumpulkeun ku panalungtik.

5) Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

Tuluy, panalungtik ngarumuskeun instrumén panalungtikan, mangrupa soal tésgueunaan biantara anu sarua antara *pre-test* jeung *post-test*.

6) Ngumpulkeun Data (*pre-test, treatment, jeung post-test*)

Tuluy, dilaksanakeun panalungtikan. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik té. Tés dilaksanakeun dua kali, saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Artikulasi. Pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa ngeunaan biantara, nyaéta ku dilaksanakeun *pre-test* (siswa milih salahiji téks biantara, tuluy didémonstrasikeun). Tuluy, panalungtik méré *treatment* ka siswa ngagunakeun modél Artikulasi anu nurutkeun Istarani (2012, kc. 61-62), aya tujuh léngkah. Pamungkas, panalungtik ngalaksanakeun *post-test* ka siswa sanggeus pangajaran ngagunakeun modél Artikulasi (siswa dités deui biantara, téksna sarua jeung téks nalika *pre-test*).


7) Analisis Data

Dina tahap ka tujuh, data diolah jeung dianalisis ngagunakeun rumus-rumus anu saluyu, sarta dianalisis ogé ngagunakeun aplikasi *SPSS PASW (Statistical Product and Service Solution)* vérsi 18.

8) Nyieun Kacindekan jeung Nyusun Laporan

Tuluy, panalungtik nyieun kacindekan jeung nyusun laporan panalungtikanana.

Sangkan leuwih jéntré, prosedur atawa alur dina ieu panalungtikan ditétélakeun dina bagan 3.1 di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta téknik obsérsasi (tés lisan atawa tés uji performansi). Téknik obsérsasi anu dilaksanakeun téh ku cara ngayakeun tés ka siswa. Tés anu dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina biantara téh nyaéta nitah siswa biantara (tés lisan) saméméh ngagunakeun modél Artikulasi, tuluy ngetés deui kamampuh para siswa dina biantara sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi dina kagiatan pangajaranna.

Anapon léngkah-léngkah dina téknik ngumpulkeun ieu data di antarana saperti di handap.

- 1) Siswa dibéré tés pikeun ngukur kamampuh biantara saméméh ngagunakeun modél Artikulasi (*pre-test*).
- 2) Sanggeus mikanyaho hasil tés biantara para siswa, panalungtik nataharkeun pikeun méré pangajaran ngeunaan biantara ku ngagunakeun modél Artikulasi nurutkeun Istarani (2012, kc. 61-62) (*treatment*).
- 3) Siswa dibéré tés deui, tuluy panalungtik nganalisis hasil tés para siswa ngeunaan biantara sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi (*post-test*).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta dina wangun tés. Éta tés téh dipaké pikeun ngukur kamampuh para siswa dina biantara (Arikunto, 2013,

kc. 262). Nalika prak-prakkanna, panalungtik ngalaksanakeun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*), udaganna sangkan mikanyaho kamampuh para siswa dina biantara antara saméméh ngagunakeun modél Artikulasi jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi.

Salian éta, aya ogé alat atawa fasilitas séjén anu digunakeun saperti alat rekam (*HP*), média pangajaran (*laptop, HP, proyéktor*), jeung sumber ajar (buku jeung sajabanna).

Tés anu dilaksanakeun nyaéta tés lisan (tés uji performansi) anu miboga paréntah sangkan nitah siswa biantara. Anapon instrumén soalna saperti di handap.

Tabél 3.3
Instrumén Panalungtikan

Tés Biantara
Pék pilih salahiji judul tina naskah biantara di handap!
1) Ngamumulé Basa Katut Budaya Sunda.
2) Ngamumulé Basa Sunda di Lingkungan Sakola.
3) Basa Indung Alat Pengwaris Budaya.
Tuluy engké pidangkeun di hareupeun babaturan sakelas kalawan merhatikeun kasantunan jeung kumaha ngagunakeun kaédah basana!

3.6 Analisis Data

Dina ngolah datana ngagunakeun pamadegan Arikunto (2013, kc. 281). Data anu baris diolah dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahap saperti di handap.

- 1) Ngaregepkeun jeung mariksa hasil biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi dumasar kana aspék penilaian dina tabél 3.4 di handap.

Tabél 3.4
Rubrik Penilaian Biantara Siswa

No.	Aspék	Skor	Kritéria
1	Ucapan (artikulasi, undak-usuk basa, gancang, jeung kendorna, jrrd.)	1	Henteu jéntré nalika nepikeun biantara, teu puguh artikulasi jeung gancang kendorna, undak-usuk basana teu saluyu. (Kurang pisan)
		2	Kurang jéntré, kurang puguh dina artikulasi jeung gancang kendorna, kurang saluyu undak-usuk basana. (Kurang)
		3	Cukup jéntré, teu pati puguh artikulasi jeung gancang kendorna, lumayan undak-usuk basana. (Sedeng)
		4	Jéntré nalika biantara, karasa gancang kendorna, lumayan undak-usukna. (Hadé)
		5	Jéntré pisan dina biantarana, puguh artikulasi jeung gancang kendorna, undak-usuk basana hadé. (Hadé pisan)
2	Lentong (wirahma jeung randegan)	1	Henteu merenah lentongna, teu puguh wirahma jeung randeganana nalika nepikeun biantara. (Kurang pisan)
		2	Kurang merenah lentongna, can pas wirahma jeung randeganana nalika nepikeun biantara. (Kurang)
		3	Cukup merenah lentongna, tapi can pas wirahma jeung randeganana. (Sedeng)
		4	Merenah lentongna, wirahma jeung randeganana geus pas. (Hadé)
		5	Merenah pisan lentongna, puguh jeung pas wirahma ogé randeganana. (Hadé pisan)
3	Pasemon (ékspréssi)	1	Éksprésina henteu tenang, geumpeur. (Kurang pisan)
		2	Éksprésina tenang, tapi geumpeur. (Kurang)
		3	Éksprésina cukup tenang, rada geumpeur. (Sedeng)
		4	Éksprésina hadé, lumayan tenang, henteu geumpeur. (Hadé)
		5	Éskprésina hadé pisan, tenang, sarta henteu geumpeur. (Hadé pisan)
4	Réngkak jeung peta (sikep penampilan)	1	Sikep midang henteu wajar, teu sopan. (Kurang pisan)

No.	Aspek	Skor	Kriteria
5	Sikep ka audience (pamiarsa)	2	Sikep midang kurang wajar, kurang sopan. (Kurang)
		3	Sikep midang cukup hadé, wajar, teu pati sopan. (Sedeng)
		4	Sikep midang hadé, lumayan wajar, sarta sopan. (Hadé)
		5	Sikep midang hadé pisan, wajar, sarta sopan. (Hadé pisan)
5	Sikep ka audience (pamiarsa)	1	Pidangan henteu ngirut pamiarsa sarta henteu luyu jeung katangtuan dina biantara. (Kurang pisan)
		2	Pidangan kurang ngirut pamiarsa sarta kurang luyu jeung katangtuan dina biantara. (Kurang)
		3	Pidangan cukup hadé, ngirut pamiarsa, tapi teu pati luyu jeung katangtuan dina biantara. (Sedeng)
		4	Pidangan hadé, lumayan ngirut pamiarsa, sarta luyu jeung katangtuan dina biantara. (Hadé)
		5	Pidangan hadé pisan, ngirut pamiarsa, sarta luyu jeung katangtuan dina biantara. (Hadé pisan)

(Kosasih, 2010, kc. 120) kalawan diropéa.

- 2) Méré peunteun atawa skor kana hasil tés para siswa dina biantara ngagunakeun rumus di handap.

$$P = \frac{\sum \text{Skor Siswa}}{\sum \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

P: peunteun

\sum Skor siswa: jumlah peunteun siswa

\sum Skor maksimal: 25 (jumlah peunteun maksimal)

- 3) Ngasupkeun peunteun jeung skor kriteria tés biantara, ngagunakeun format skala saperti ieu di handap.

Tabél 3.5
Format Peunteun Kamampuh Biantara

No. Absén Siswa	Aspék Tés Biantara					P	K
	A	B	C	D	E		
Σ							
X							

Keterangan:

- A: ucapan (artikulasi, undak-usuk basa, gancang jeung kendorna)
- B: lentong (wirahma jeung randegan)
- C: pasemon (éksprési)
- D: réngkak jeung peta (sikep penampilan)
- E: sikep ka *audience* (pamiarsa)
- Σ : jumlah skor
- X: rata-rata
- P: peunteun
- K: katégori

Anapon katégori peunteunna saperti dina tabél 3.6 di handap.

Tabél 3.6
Katégori Peunteun Dumasar KKM

Katégori Penilaian	
≤ 78	Can Mampuh
≥ 78	Mampuh

- 4) Ngadéskripsiun jeung nyindekkeun data anu geus dicangking tina hasil panalungtikan.

Sanggeus data diolah nepi ka meunang kacindekanana, tuluy ieu panalungtikan disusun jadi laporan dina wangun skripsi luyu jeung katangtuan anu aya.

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas pikeun mikanyaho normal henteuna data, sarta ngalakukeun uji hipotésis. Ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* vérsi 18.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Fungsi atawa udagan tina uji normalitas nyaéta sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Aya sawatara métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasahijina nyaéta *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : data miboga distribusi normal

H_1 : data miboga distribusi teu normal

Ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, ku kituna uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji *Shapiro-Wilk*. Uji *Shapiro-Wilk* ilaharna digunakeun pikeun sampel anu kurang ti 50 urang sangkan ngahasilkeun kaputusan anu akurat. Anapon kritériana saperti ieu di handap.

H_0 : ditarima, saupama nilai signifikan (*sig*) $\geq 0,05$

H_1 : ditarima, saupama nilai signifikan (*sig*) $\leq 0,05$

3.6.1.2 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 110), hipotésis nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan panalungtikan téa. Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa digunakeun. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan ngagunakeun *T-test*. Sedengkeun hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametric* kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria di handap.

H_0 (Hipotésis Nol): teu aya béda anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél Artikulasi.

H_a (Hipotésis Alternatif): aya béda anu signifikan antara kamampuh biantara siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri

15 Bandung Taun Ajar 2022/2023 saméméh
jeung sanggeus ngagunakeun modél
Artikulasi.

Anapon dasar dina nyokot kaputusanana saperti di handap.

H_0 ditarima jeung H_a ditolak, saupama nilai Sig. (2-tailed) $\geq 0,05$

H_a ditarima jeung H_0 ditolak, saupama nilai Sig. (2-tailed) $\leq 0,05$